ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№86 (24.992) • 2026 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 18, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

## ЗыгъэпсэхупIэхэр къагъэщIэрэщIэж



**Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергейрэ ирагъэкIуэкIащ къэралым и Правительствэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм гъэм и сыт хуэдэ зэманми лажьэ «Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыным хуэгъэпса и лэжьакIуэ гупым и зэIущIэ. Абы хэтащ Кавказ.РФ компанием, Iуэхур зэхьэлIа къэрал министерствэхэм я унафэщIхэмрэ я лIыкIуэхэмрэ.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм адэкIи зегъэужьыным, абы и инфраструктурэр егъэфIэкIуэным пыщIа Iуэхухэм.

Дунейр нэхъ хуабэ къэхъуу бгыщхьэхэм уэсыр зэрытекIыу щIадзауэ пащэ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм. Мы гъэм мыбдежым щаутIыпщыну я мурадщ ухуэныгъитI: EL6 кIапсэ гъуэгущIэм сыткIи къызэгъэпэщауэ щащI, зыплъыхьыпIэхэр зиIэ и ресторанымрэ ратракхэм я гъэувыпIэмрэ. Иджыри ухуэныгъипщIым щIигъум лэжьыгъэхэр зэрыщыщIадзэнум зыхуагъэхьэзыр.

Инфраструктурэ проект нэхъыщхьэхэм, къагъэщIэрэщIэжыну щIыпIэхэм ящыщщ метр 4100 лъагапIэм щыIэ «ПщыкIузым я хэщIапIэр». Абы лэжьыгъэхэр жыджэру щокIуэкI: IэщIагъэлIхэр яужь итщ унэм и лъабжьэм халъхьэну гъущI зэкIэрыгъэвахэр гъэхьэзырыным, къыдэкIуэу Iуахыж абы и лъабжьэу щытар, трансформатор IэнатIэр къагъэщIэрэщIэж.

Спортсменхэм зыщагъэхьэзырыну щIыпIэ Гарабаши мылылъэм къыщызэрагъэпэщыну я мурадщ – абдеж щагъэувынущ спортсменхэр сноубордхэм тету е тIысыпIэхэр зиIэ хьэлъэIэтым ису бгым дэзышей Iэмэпсымэхэр. Абыхэм я фIыгъэкIэ спортсменхэм илъэс хъурейм загъэсэнымкIэ Iэмал ягъуэтынущ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэщ курортым и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ иджыри къежэхыпIэ гъуэгуий щаухуэным УФ-м и Къэрал экспертизэ нэхъыщхьэр арэзы зэрытехъуар. Райдерхэр къежэхыпIэщIэхэм дашынущ ди къэралым щащIа, цIыхуипщI зэуэ зэрыхуэ иджырей «Аэрис» кабинэхэмкIэ. Абыхэм аэродинамикэ теплъэ яIэщ икIи, зихуэдэ щымыIэу, метр зэбгъузэнатIэ 14-ри абджкIэ къещIэкIащ.

ЗэIущIэм апхуэдэу утыку къыщрахьащ станцхэм я навигацэ, рекреацэ щIыпIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным хуэунэтIауэ «Ярус» архитектурнэ бюром къыхилъхьа проектыщIэри. Абы псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ щиIэщ метр 2000-м щIигъу лъагапIэхэм.

А псом къадэкIуэу метр 3800-м щащI «Къалэ цIыкIу» альпинист комплексыр яутIыпщыну ягъэхьэзыр. Ар мы гъэмахуэм и кIэм хьэзыр ящIыну я мурадщ. Абы хэтынущ сыткIи къызыхуэтыншэу зэгъэпэща унэ цIыкIухэр, цIыхур щыпсэун папщIэ зыхуеину псори, пщэфIапIэ зэпэщхэри иIэу.

«Зи гугъу тщIа жэрдэмхэр гъэзэщIэным Къэбэрдей-Балъкъэрым и туризм IэнатIэм зегъэужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. ЗыгъэпсэхупIэр къэгъэщIэрэщIэжыным абы къакIуэхэм я бжыгъэм къызэрыхигъэхъуэнум, ар езым хуэдэхэм япеуэфын зыгъэпсэхупIэ зэрищIынум ямызакъуэу, илъэс хъурейм хьэщIэхэр кърагъэблэгъэн папщIэ зыхуеину псомкIи къызэригъэпэщынущ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

Абы апхуэдэу жиIащ лэжьыгъэхэр зэраубзыхуам тету зэрырагъэкIуэкIынур.

Республикэм и Iэтащхьэм Назаров Сергей фIыщIэ хуищIащ щIыналъэм зегъэужьыныр къызэрыфIэIуэхум, Къэбэрдей-Балъкъэрым къехьэлIа къалэнхэр гъэзэщIэным зэпымыууэ гулъытэ къызэрыхуищIым папщIэ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Назаров Сергейрэ «Кавказ.РФ»-м зыужьыныгъэмкIэ и институтым и генеральнэ унафэщI Юмшанов Андрейрэ ящIыгъуу республикэм и Iэтащхьэр щыIащ Шэрэдж щIыналъэм и зыгъэпсэхупIэхэм.

Къапщтэмэ, абыхэм щыгъуазэ защIащ «Туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ» лъэпкъ проектыр я щIэгъэкъуэну ящIа «Идарей» хьэщIэщ комплексымрэ «Аушыджэр сити» хьэщIэщымрэ я лэжьыгъэм.

УхуэныгъитIри хуозэ Аушыджэр псы хущхъуэ къыщIэжыпIэхэм. ЗыгъэпсэхуакIуэхэм мыбдеж щагъуэт ахэр зыщIэупщIэм хуэдиз цIыху бжыгъэ зыщIэхуэн псэупIэ щхьэхуэхэри, унагъуэкIэри я закъуэуи здэщыIэнухэри, псы хуабэхэри, псынэпсхэри икIи щIыпIэхэр сабий джэгупIэкIи къызэгъэпэщащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

## Фэеплъыр Налшык къыщызэIуах

**УФ-м и Следственнэ комитетым и лэжьакIуэхэу зи къалэныр зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъыр къыщызэIуаха дауэдапщэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ. Ар щекIуэкIащ Налшык дэт «Мыужьых щIыхьым и мафIэ» мемориалым деж.**

УРЫСЕЙМ и Следственнэ комитетым жылагъуэ-политикэ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI Петров Сергей, республикэм щыIэ дзэ къулыкъущIапIэхэм я унафэщIхэр, абыхэм хэтхэр, кадетхэр, юнармейцхэр къекIуэлIащ, я щхьэр лIыхъужьхэм хуагъэщхъыну.

Къыхэгъэщыпхъэщ ар къалэр хуит къэзыщIыжахэм фэеплъ щыхуагъэувa зэманым зэрырихьэлIар. Абы къегъэлъагъуэ щIэблэщIэр я адэжьхэм къазэрыкIэрымыхур, хэкупсэу ущытыным и мыхьэнэр къазэрыгурыIуэр.



«Дэ ди къалэнщ Хэкум зи псэр щIэзытахэм, Урысейм и шынагъуэншагъэмрэ абы и къэрал хабзэмрэ къыщхьэщыжахэм я цIэхэр зыщыдмыгъэгъупщэну.

Урысейм и следственнэ дзэ щхьэхуэхэр къызэрыунэхурэ илъэс 313-рэ зэрырикъумрэ УФ-м и Следственнэ комитетыр илъэс 15 зэрыхъуамрэ догъэлъапIэ дызэрыт гъэм.

Шэч къытесхьэркъым мы фэеплъыр Следственнэ комитетым и лэжьакIуэхэм я лIыгъэм, хахуагъэм, абыхэм Хэкур фIыуэ зэралъагъум иригушхуэ щIэблэм я дежкIэ щапхъэ зэрыхъунум», - щитхыжащ КIуэкIуэ Казбек и напэкIуэцIым.



### Я фIэфIыныгъэкIэщ зэрыхагъэхьэр

2-нэ нап.



### Анэдэлъхубзэм и мыжэщIыж псынащхьэ

4-нэ нап.



### Щэныгъэ куу ямыIэмэ, лъэ быдэкIэ увыфынукъым

10-нэ нап.




11-нэ нап.



### Домбеякъыр и Iэрылъхьэщ Сэлим

12-нэ нап.

# Ди щIыналъэм гулъытэшхуэ щагъуэт

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ яхуэзащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и къуэдзэ - Къэзакъхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и пашэ Кузнецов Виталийрэ Тэрч къэзакъхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Трушев Антонрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ урысей къэзакъхэм яхуэгъэза къэрал политикэр щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм.**

РЕСПУБЛИКЭМ и пашэм и псалъэм къыхигъэщащ урысей къэзакъхэм я лъэпкъ хабзэхэр, щэнхабзэр сакъыу хъумэным ди щIыналъэм гулъытэшхуэ зэрыщигъуэтым, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу адрей лъэпкъхэми къадекIуэкI фIыгъуэхэми хуэдэу. А Iуэхугъуэм теухуауэ пэхуэщIэ хэхахэр ягъэзащIэ, лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэфIах. Апхуэдэу мазэ блэкIам хэплъэжащ УФ-м и Президентым «ЩIалэгъуалэм я щIыналъэ» фIэщыгъэр иIэу къыхилъхьа къэралпсо зэпеуэм къэрикIуахэм. Ди гуапэ зэрыхъущи, а пэхуэщIэм пашэ щыхъуахэм яхэтщ ди республикэм икIа проектитI: Звездный жылэм илъэс хъурейкIэ щылэжьэну «Вагъуэ» щIалэгъуалэ дзэ-хэкупсэ лагерым теухуамрэ апхуэдэу илъэс псом лэжьэну Екатериноградскэ станицэм къыщызэрагъэпэщыну «Къэзакъ къутыр» щIалэгъуалэ турист-хэкупсэ центрымрэ ехьэлIамрэ.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэр тепсэлъыхьащ а пэхуэщIэхэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр республикэм гъэзэщIа зэрыщыхъуну щIыкIэхэмрэ абыкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ. Апхуэдэу и гугъу ящIащ СВО-м хэт ди лъахэгъу щIалэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм исхэмрэ дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъуфынум.

Кузнецов Виталий ди республикэм тыгъэ къыхуищIащ «Тэрч» къэзакъ тIасхъэщIэх дзэ гупым и бэракъым тращIыкIа ныпыр, УФ-м и Президент Путин Владимир и хъуэхъу псалъэхэр тету. Абы зэрыжиIамкIэ, «Тэрч» гупым хэтщ ди республикэм икIа щIалэхэр, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу.

КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ ин яхуищIащ хьэщIэ лъапIэхэм, псом хуэмыдэу тыгъэ гуапэр зи IэрыкI Кузнецов Виталий, ди лъахэгъу щIалэхэу зауэ IэнатIэм Iутхэр зэрагъэгушхуэм папщIэ, абыхэм я унагъуэхэм исхэм хуащI гулъытэм щхьэкIэ. КIуэкIуэм къыхигъэщащ апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр, зэдэлэжьэныгъэхэр жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр езыгъэфIакIуэ, ди Хэку иным щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр зыгъэбыдэ IэмалыфIу зэрыщытыр.



# ЗыгъэпсэхупIэхэр къагъэщIэрэщIэж

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Мы зэманым апхуэдэ зыгъэпсэхупIэхэм щIэупщIэшхуэ яIэщ икIи IэнатIэм зиужьынымкIэ ахэр шэсыпIэ хъарзынэ мэхъу: абыхэм IуэхутхьэбзэфIхэр къыщыхуащIэ, хьэщIэхэм гумыхужу зэманыр щагъакIуэ икIи, мыхьэнэшхуэ зиIэращи, республикэм и экономикэми хэлъхьэныгъэ хуохъу.

Къапщтэмэ, дызэрыт илъэсым и мазихым цIыхухэм зыщагъэпсэху IуэхущIапIэхэм я бжыгъэр 645-м нэсащ. Шэрэдж щIыналъэм апхуэдэхэм я бжыгъэр 47-рэ щохъу: Балъкъэр Ипщэм - 19, Гуэл щхъуантIэхэм - 10, Аушыджэр - 9, апхуэдэуи Бабугент, Жэмтхьэлэ, Къэщкъэтау, Уштулу щIыпIэхэми щыIэщ.

«Дэ ди къалэныр а лэжьыгъэм адэкIи пытщэнырщ. Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ къагъэщIэрэщIэжа лъэпкъ проектхэм Iэмал къыдат IэщIагъэлIхэр дгъэхьэзырыну, хьэрычэт IэнатIэр дэтIыгъыну икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым къакIуэхэм тыншыпIэ псори яIэу, шынагъуэншэу зегъэгъэпсэхуну, ди деж щагъэкIуа зэманым гуимыхуж ящыхъуну.

АдэкIи пытщэнущ къытхуеблагъэ дэтхэнэми игу фIыкIэ дыкъэкIыжыным хуэгъэза лэжьыгъэм, абыхэм иужькIи къытрагъэзэжын папщIэ зыхуэфащэ щытыкIэхэр къахуэдгъэпэщынущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.




# КIэлъыплъыныгъэм щIэтщ

**Республикэм щыпсэухэр зыгъэгумэщI Iуэхухэм теухуауэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек епсэлъащ ЩIыналъэм унафэр щызегъэкIуэнымкIэ центрым (ЦУР) и унафэщI КIэдыкIуей Мадинэ.**

ИНТЕРВЬЮМ и гугъу щащIащ цIыхухэм нэхъыбэрэ зэрызыкъыхуагъазэ Iуэхухэм: гъэсыныпхъэмкIэ, кIэрыхубжьэ-рыху быдэхэр зыщIэкъуэнымкIэ, республикэм туризмэм зыщегъэужьынымкIэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм зэгъэпэщыжыныгъэхэр щегъэкIуэкIынымкIэ, жылагъуэ щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIынымкIэ, гъуэгухэр егъэфIэкIуэнымкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ щыIэ щытыкIэхэм.

КIуэкIуэ Казбек дэтхэнэ зыми зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ, а унэтIыныгъэхэмкIэ зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэми адэкIэ къапэщылъхэми я гугъу ищIу. Гулъытэ нэхъыбэ хуащIащ социальнэ мыхьэнэшхуэ зиIэ, къэрал къулыкъущIапIэхэм сытым дежи я кIэлъыплъыныгъэхэм щIэт Iуэхухэм.

Интервьюм Iэмал къаритащ республикэм и зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм зэIухауэ тепсэлъыхьыну. Псалъэмакъым фыщедэIуэфынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЦУР-м интернетым щиIэ напэкIуэцI щхьэхуэхэм.

**ДЗЭ IУЭХУ**

# Я фIэфIыныгъэкIэщ зэрыхагъэхьэр

**ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм къытхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзэ комиссар Пахомов Дмитрий. Ар тепсэлъыхьащ «мобилизационный резерв» зыфIаща Iуэхур республикэм зэрыщекIуэкIым.**

**Интернетым и язынькъуэ напэкIуэцIхэм а Iуэхум ехьэлIауэ щрагъэкIуэкI псалъэмакъым и пэжыпIэр зыхуэдэм ехьэлIауэ упщIэ зыбжанэкIэ зыщыхуэдгъазэм, Пахомовым жиIащ:**

- КЪУЛЫКЪУМ ираджэхэр, «резервист» жыхуаIэхэр, а Iуэхум зэрырагъэкIуалIэр езыхэм я фIэфIыныгъэкIэщ. Интернетым дыкъызэрыщеджэмкIи зэрыщызэхэтхымкIи, хэзымыщIыкIхэм кърахьэкI хъыбарыр зи тегъэщIапIэхэр зэрегупсысымкIэ, хэгъэзыхь халъхьэущ дзэ къулыкъум зэрырашалIэр.

**- Мы унэтIыныгъэм ехьэлIауэ зэгурыIуэныгъэ зращIылIэхэр Iэмал имыIэу дзэ Iуэху хэха щекIуэкI щIыпIэм яшэныр къапэщылъ?**

- Хьэуэ. Зэрызэраухылlэм ипкъ иту, абыхэм я пщэ далъхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым имыкIыу, мыбдежым экономикэм и IэнатIэ нэхъ гугъухэр икIи мыхьэнэ нэхъ зиIэхэр зэрахъумэным ехьэлIауэ къулыкъу щрахьэкIынырщ. Уеблэмэ къулыкъум къедджэхэр мы лэжьыгъэм зэреувалIэр, ищхьэкIи зэрыщыжытIащи, езыхэм я фIэфIыныгъэкIэщ.

**- «Резервист» зыфIащахэм я пщэ далъхьэ къалэныр сыт хуэдэ? Улахуэу хуагъэуври сыт хуэдиз?**

- Резервистхэм я нэхъыбэр УФ-м и дзэ зэщIэузэдахэм е хабзэхъумэ IэнатIэхэм къулыкъу щезыхьэкIахэрщ. Дерс зэмылIэужьыгъуэхэм щIагъэдэIуа иужь, ахэр ирагъэувэлIэнущ зэрыс щIыналъэм (Къэбэрдей-Балъкъэрым) и энергетикэм телажьэ IэнатIэхэр, транспортыр, щIыдагъэм щыхэлэжьыхьыж заводхэр хъумэным теухуа лэжьыгъэм.

Мыхэр армэм къулыкъу щезыхьэкIхэм хуагъадэкъым, абы къыхэкIыуи (къызэрыхэдгъэщащи) дзэ Iуэху хэха щекIуэкI щIыналъэхэм яшэнукъым. Езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ иращIылIэ апхуэдэ зэгурыIуэныгъэм пIалъэу хуагъэувыр илъэси 3-щ е илъэси 5-щ. Пэжщ, резервистхэм къахохьэ дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэхэм уIэгъэ щыхъуахэри къинэмыщI дзэ зэпэщIэувэныгъэхэм хэта ветеранхэри. Абы щыгъуэми, ахэр псори къэралым и хабзэмкIэ (юридическэ и лъэныкъуэкIэ) армэм къулыкъу щезыхьэкIхэм хуагъадэ, дзыхь къыхуащI IэнатIэхэр жэуаплыныгъэ пылъу ирахьэкIын зэрыхуейр сыт и лъэныкъуэкIи зыхащIэн папщIэ. АрщхьэкIэ, къытызогъэзэжри, мыхэр армэ дыдэм къулыкъу щезыхьэкIхэм ящыщкъыми, дзэ Iуэху хэха щекIуэкI щIыналъэхэм яшэну хуиткъым.

Я къалэн нэхъыщхьэм пэрымыхьа резервистхэм я мазэ улахуэр зэрыхъур сом мини 2-м къыщыщIэдзауэ мини 5-м нэблагъэщ. Дерсхэм пхыкIыу зи лэжьыгъэ щIэзыдзэхэм иратынущ къэралым и дзэ зэщIэузэдахэм зэгурыIуэныгъэкIэ хыхьахэм къахьым хуэдиз. «Мобилизационный резерв» жыхуаIэм хэтхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къыбгъэдэкI социальнэ дэIэпыкъуныгъи иратынущ.

**- Мы лэжьыгъэм цIыхухэр ешэлIэнымкIэ къэралым къыщащта хабзэр зыхуэдэмрэ абы ипкъ иткIэ къыщызэрагъэпэщ гуп щхьэхуэхэм къалэн нэхъыщхьэу хуагъэувымрэ нэхъ пыухыкIауэ укъытхутепсэлъыхьын?**

- Мы унэтIыныгъэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар, къызэрыхэдгъэщащи, энергетикэм, транспортым, щIыдагъэм хэлэжьыхьыж IэнатIэхэр цIыху зэрымыс кхъухьлъатэ цIыкIухэм, «БПЛА» жыхуаIэхэм, щахъумэнымкIэ псынщIэу зызыгъазэ гуп щхьэхуэхэр, топгъауэхэри яхэту, къызэгъэпэщынырщ. Абы теухуа унафэр 2025 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м УФ-м и Президент Путин Владимир къыдигъэкIащ.




**- Къэралым и адрей щIыналъэхэми мыпхуэдэ Iуэху щекIуэкIрэ?**

- АтIэ. Экономикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэу шынагъуэ нэхъ къыздэхъункIэ хъунухэм мазэ бжыгъэ хъуауэ резервистхэр къагъэсэбэп. ЗэрыжаIэмкIи, ахэр щхьэпэщ цIыху зэрымыс кхъухьлъатэ цIыкIухэр зызыхуагъэпсахэм намыгъэсынымкIэ е ящхьэщышынымкIэ.

**- Мы лэжьыгъэр зи къалэну щытынухэр щызэхуашэс щIыпIэм сыт хуэдэ щыIэкIэ-псэукIэ щыхуагъэлъагъуэр? Я пщэ далъхьэ къалэнхэр ягъэзэщIэнымкIэ техникэ иратрэ?**

- Щызэрагъэуlу щIыпIэм резервистхэр зыхуейзыхуэныкъуэ псомкIи къыщызэрагъэпэщ, зауэ хуэIухуэщIэхэм зэрыхэтыну щыгъынхэм я деж къыщегъэжьауэ махуэм щэ зэрагъашхэм деж щиухыжу. ЕтIуанэ упщIэм и гугъу тщIымэ, къэралым ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкIыу Iэщэ зэмылIэужьыгъуи Iэмэпсыми ират. АтIэми, я лэжьыгъэ нэхъыщхьэм пэрыувэн ипэ, резервистхэм тхьэмахуитIым и кIуэцIкIэ дерс щхьэхуэхэр драгъэкIуэкI. Езыгъаджэр Iуэхум нэхъ хэзыщIыкIхэрщ. Абы иужькIэщ ахэр щыхуитыр къыхуагъэув къалэнхэм пэрыувэну. Мыри къыхэзгъэщынут. Резервистхэр здраджам хэтыху, абы ипэкIэ здыIутам къыщихьа улахуэри и лэжьапIэри хуахъумэнущ.

*Тхыгъэри сурэтри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

# Дэтхэнэ зы Iуэхури ехъулIэныгъэкIэ зэфIихырт



**Бадзэуэгъуэм и 20-м илъэсищэ ирокъу революционер цIэрыIуэ, къэрал шынагъуэншагъэмкIэ совет органхэм я къызэгъэпэщакIуэ икIи и унафэщI, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ цIыхубэ комиссар Дзержинский Феликс дунейм зэрехыжрэ. Граждан зауэр иуха нэужь, илъэситхум щIигъукIэ цIыхубэ хозяйствэм лэжьыгъэ гугъу икIи купщIафIэ ирихьэкIащ абы. Япэ чекистыр, НЭП-м и илъэсхэм «буржуазием и уафэгъуагъуэу» щытар къэрал индустриализацэм и жэрдэмщIакIуэт, апхуэдэуи Совет Союзым и экономикэ лъабжьэр къызэгъэпэщыным зи щIэныгъэкIи зи IуэхущIафэкIи хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа цIыхущ.**

ТРАНСПОРТ IэнатIэр тэмэму зэрызэтемыухуам къыхэкIыу, Дзержинский Феликс 1921 гъэм и мэлыжьыхь мазэм гъуэгу зэпыщIэныгъэхэмкIэ цIыхубэ комиссару ягъэуващ. Абы и нэIэм щIэту илъэсищ иримыкъум къриубыдэу транспортыр зэфIагъэувэжащ. Къэралым псэукIэр къыщызэгъэпэщынымкIэ абы мыхьэнэшхуэ игъэзащIэрт.

1924 гъэм и мазаем СССР-м и ЦИК-м и етIуанэ зэхуэсыгъуэм и япэ зэхыхьэгъуэм Дзержинскэм къыщыхуагъэфэщащ СССР-м ЦIыхубэ хозяйствэмкIэ и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщI къулыкъур. 1924 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм ар ягъэуващ Металлургие промышленностымкIэ управленэ нэхъыщхьэм и унафэщIу. Апхуэдэ дзыхьыр абы и зэфIэкIыр къызэралъытэм и щыхьэтт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар къэралым и зыужьыныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэт, а унэтIыныгъэм щекIуэкIыну лэжьыгъэм куэд дыдэкIэ елъытат экономикэм и къэщIэрэщIэжыныгъэр. Дзержинский Феликс а къулыкъухэм пэрытащ дунейм ехыжыхукIэ - 1926 гъэм бадзэуэгъуэм и 20 пщIондэ. Абы къыдэкIуэуи ар и унафэщIу щытащ лэжьакIуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ, улахуэм, IэнатIэхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэнымкIэ, нэгъуэщI Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ щыIэ комиссэ зыбжанэм.

НЭП-м и илъэсхэм Дзержинскэр промышленностыр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ гугъуехь куэдым пэщIэтащ икIи дэтхэнэри ехъулIэныгъэкIэ зэфIихащ. Апхуэдэу абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ индустриализацэмкIэ политикэр гъэзэщIа хъуным. Аращ и лъэхъэнэгъуэхэм хуэфащэ дыдэу «индустриализацэм и лIыхъусэжь» цIэр къыфIащауэ щIыщытари. Абы и унафэм щIэту промышленностым и унэтIыныгъэщIэхэр къызэрагъэпэщащ.

ЭкономикэщIэныгъэхэмкIэ доктор Михалкин Владимир къызэрилъытэмкIэ, къэралым и зэIузэпэщыгъэм телажьэ унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрыгъэхьэнымкIэ япэщIыкIэ Iуэху пыухыкIахэр убзыхун зэрыхуейр къэзыгъэлъэгъуахэм ар ящыщщ. ЦIыхубэ хозяйствэм зегъэужьынымкIэ СССР-м япэу щызэхагъэува жыпхъэхэр зэхэзылъхьахэми ар яхэтащ. Къэралым и промышленностыр хэхъуэ иIэу лэжьэным хуэунэтIауэ абы Iуэхушхуэ зэфIигъэкIащ, а унэтIыныгъэм и зыужьыныгъэм хуэунэтIа щIэныгъэм зригъэужьащ, ар нэгъэсауэ IэнатIэм къызэрыщыбгъэсэбэпыным и хэкIыпIэхэр къигъэнаIуэу.

«СССР-м ЦIыхубэ хозяйствэмкIэ и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщIым гулъытэшхуэ хуищIащ лэжьыгъэм къыпэкIуэ хъерымрэ улахуэмрэ хэгъэхъуэным пыщIа гугъуехьхэр зэфIэхыным, - щыжеIэ и тхыгъэм Михалкин Владимир. - Дзержинскэм ахэр экономикэ политикэм щынэхъыщхьэ дыдэу къилъытэрт, абы къыхэкIыуи, щIэныгъэр и лъабжьэу, щыIэ хэкIыпIэхэр къихутащ. Ар зэи пэшым къыщIэмыкI лэжьакIуэу щытакъым. Абы къилъытэрт щIэныгъэмрэ лэжьыгъэмрэ зэпыщIауэ щытын хуейуэ. И унафэм щIэт IэнатIэхэр зэрызэтеухуам кууэ зэрызыхигъэгъуазэрт экономикэ гугъуехьхэр абы къыщIилъагъуфыр. Дзержинскэм абыхэм я щхьэусыгъуэр къитIэщIырт, дэтхэнэ зы бжыгъэри зэпилъытырт, Iуэхур нэсу зэпкърихырт, къурикIуэм елъытауи нэгъуэщIми езыми я щыуагъэхэр ибзыщIыртэкъым».

Дзержинский Феликс и къаруи, и гуащIи хуэгъэпсат щIэ гуэр къызэрищIэным, и зэфIэкIым, и щIэныгъэм зэрыхигъэхъуэным. Абы гулъытэшхуэ хуищIащ радиом зегъэужьынми. Ар Совет кинематографием и ныбжьэгъухэм я зэгухьэныгъэм и япэ тхьэмадэу щытащ. Феликс фIэгъэщIэгъуэнт хьэршым и зэхэлъыкIэр джыным икIи совет щIэныгъэлIхэу Циолковский Константинрэ Цандер Фридрихрэ я гъусэу Хьэрш зэпыщIэныгъэхэр зыдж зэгухьэныгъэм и президиумым хэтащ.

Дзержинскэм цIыхубэ хозяйствэм кууэ зэрыхищIыкIым, гуп лэжьыгъэр зэрызэтриухуэфым, IэщIагъэлIхэм я творческэ зэфIэкIыр Iуэхум къызэрыщигъэсэбэпыфым ехъулIэныгъэхэр къыхуихьащ, апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр сэбэп хъуащ къэралым и экономикэм зыкъиужьынымкIэ.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

# ЩIэблэр тезыгъэгушхуэ

**Ди республикэм щагъэзащIэ лъэпкъ проектхэм я нэхъыбэр зыхуэгъэзар гъащIэм и социальнэ унэтIыныгъэм адэкIи зегъэужьынырщ, ди псэукIэр нэхъ зэпэщ, тынш, къызыхуэтыншэ щIынырщ. А Iуэхугъуэхэм яхуэлажьэхэм ящыщщ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» федеральнэ пэхуэщIэр. Абы къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ зыхуей хуагъэзэж социальнэ IуэхущIапIэхэм ящыщщ Абазэ ХьэтIохъущыкъуэ и цIэр зэрихьэу Псынэдахэ къуажэм дэт курыт еджапIэр.**

АР 1970 гъэм яухуауэ щытащ. Абы лъандэрэ блэкIа илъэс 55-м щIигъум а еджапIэм мызэ-мытIэу щрагъэкIуэкIащ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр, атIэми мы зэманым абы къыщызэрагъэпэща ухуэныгъэ Iуэхухэм хуэдэ зэи щыIакъым. Школым и бжэ-щхьэгъубжэхэр щIэкIэ зэрахъуэкIащ, къанэ щымыIэу, апхуэдэу зэфIэкIащ инженер-коммуникацэхэр, псы зэрыкIуэ бжьамийхэр, унэр къэгъэхуэбэным епхахэри хэту, иджырей мардэхэм тету къэгъэщIэрэщIэжыныр. Къатищу зэтет, метр зэбгъузэнатIэу 1700-рэ хъу унэшхуэм и кIуэцIыр зэрахьэ иджыпсту: блынхэр ялэ, лъэгухэр кърагъэжыкI, унащхьэр щIапхэ. ЕджапIэм и щIыбри зэрагъэпэщыж, ар екIуу зэрахьэ, школ щIыхьэпIэр нэхъ дахэу къыхагъэщу.

Апхуэдиз лэжьыгъэфI щызэфIах еджапIэр, зэрамурадымкIэ, гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу хьэзыр хъунущ. Абы екIуэлIэжыну школакIуэ 275-м ящыщу дэтхэнэми IэмалыфIхэр иIэнущ иджырей мардэхэм къитIасэ щIэныгъэ куу зрагъэгъуэтыну. КъэкIуэну щIэблэм папщIэ гудзакъэ зыхэлъ къэрал унафэщIхэм я тыгъэ гуапэщ ар.

Апхуэдэ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр мы зэманым щызэфIах Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм щылажьэ курыт еджапIэ №2-ми. Сабий 500-м щIигъу зыщIэхуэну траухуа школыр зэраухуэрэ мы гъэм илъэс 45-рэ ирикъуащ. Иджыпсту екIуэкI лэжьыгъэхэм я тегъэщIапIэ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» федеральнэ проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, школым и унащхьэр зыхуей хуагъэзэжынущ. КъинэмыщIауэ, еджапIэм и щIыбыр зэрахьэнущ, псы, хуабагъ зэрыкIуэ бжьамийхэр къанэ щымыIэу яхъуэжынущ, уэздыгъэ кIапсэхэр щIэуэ яукъуэдиижынущ.

УхуакIуэхэр йолIалIэ школым и пэшхэм я лъэгухэр къигъэжыкIыным епха Iуэхугъуэхэм. А лэжьыгъэхэм къадэкIуэу школ щIыбыр яй, инженер коммуникацэхэр зэбграш. ЕджапIэм щекIуэкI ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм хиубыдэу ар къызэрагъэпэщынущ иджырей мардэхэм хуэкIуэ унэлъащIэрэ техникэ пэрыткIэ. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэфIхэм, шэч хэмылъу, фокIадэм и 1-м хуабжьу щыгуфIыкIынущ егъэджакIуэхэри абыхэм я нэIэм щIэту щIэныгъэм и нэхум хуэпабгъэ ныбжьыщIэхэри.

Апхуэдэ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэхэр мы гъэмахуэм щызэфIах ди республикэм и курыт школ куэдым. А псоми набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ къэрал, республикэ унафэщIхэр, щIыпIэхэм я пашэхэр, ухуэныгъэр зэфIэзых IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэр, ахэр фIагъ лъагэ яIэу икIи и чэзум зэфIагъэкIын зэрыхуейр ягъэнэхъапэу. Абыхэм я лъабжьэщ еджапIэхэр зэпэщ щIыным хуэгъэпса федеральнэ программэхэр.

Псори зыхуэгъэзар ныбжьыщIэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ, зыхуей хуэгъэзэжа, зыхуэныкъуэ псомкIи къызэгъэпэща еджапIэхэм бжьыхьэм екIуэлIэжынырщ, ди щIыналъэм къихъуэ щIэблэм щIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ екIурэ ябгъэдэлъхьэнырщ, ахэр балигъ гъащIэм хуэхьэзыру, лъэпощхьэпохэм къапимыкIуэту, хэкIыпIэхэр къагъуэтыфу, псэуныгъэм пэлъэщу дунейм тетынырщ.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# УФ-м и Жылагъуэ палатэм

Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и секретарь Михеевэ Лидие хъыбар къызэритамкIэ, «Суд унафэкIэ тезыр зытралъхьахэм ядэIэпыкъунымкIэ, абыхэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщымкIэ жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэм теухуауэ» 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м къыдэкIа къэрал унафэ №76-ФЗ-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэр къызэрагъэпэщащ (2026 гъэм щIышылэм и 23-м, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и унафэ №276-С, цIыхуи 9 хэту - Абэнокъуэ Владимир Къадзыкъуэ и къуэ, Алябов Артем Александр и къуэ, Бамбасиров Темболэт Мухьэмэд и къуэ, Бобылев Валентин Николай и къуэ, Мизиев Магомед Таукъан и къуэ, Мысыр Хъызыр Мурадин и къуэ, Токъу Руслан Мухьэрбэч и къуэ, Шапсыгъ Азрэт Мухьэмэд и къуэ, Щоджэн Мартин Бэчыр и къуэ). ХэщIапIэр: 360022, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къ., Лениным и уэрам, 57-нэ унэ.

# ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

**«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ аращ.**

# Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 18, *щэбэт***

♦ **1849 гъэм** къалъхуащ адыгэ джэгуакIуэ **Мыжей Сэхьид**

♦ **1932 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, литературэдж, искусствовед, критик **КIурашын БетIал**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 – 26-рэ, жэщым градус 18 – 20 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 19, *тхьэмахуэ***

♦ **Мамкъут зыдэлъ хьэлывэм и дунейпсо махуэщ**

♦ **Урысейм щагъэлъапIэ мафIэс къэмыгъэхъуным кIэлъыплъ къэрал къулыкъущIапIэр къыщызэрагъэпэща махуэр**

♦ **1942 гъэм** Къардэн Къубатий Берёзовскэ куейм фашист кхъухьлъатитI къыщриудыхат.

♦ **1980 гъэм** Москва къыщызэIуахащ XXII Олимп джэгухэр.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 – 25-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 20, *блыщхьэ***

♦ **Тортым и дунейпсо махуэщ**

♦ **Шахматым и дунейпсо махуэщ**

♦ **Мазэм и дунейпсо махуэщ**

♦ **1561 гъэм** Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ чыристан диныр кърагъэщтащ, Марие цIэри фIащащ.

♦ **1927 гъэм** къалъхуащ къэрал, парт лэжьакIуэ, политик **Къущхьэ Гъумар**.

♦ **1938 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, егъэджакIуэ, философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Хъурей Феликс**.

♦ **1938 гъэм** къалъхуащ сабий усакIуэ **АфIэунэ Лиуан**.

♦ **1938 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, драматург, АР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгейм и цIыхубэ тхакIуэ **Къуиикъуэ Налбий**.

♦ **1947 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Кубанми Ар-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, РАЕН-м, Нью-Йорк академиехэм хэт **ТIрахъуэ Энвер**.

♦ **1964 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Урысейм ХудожествэхэмкIэ и академием хэт **СэвкIуий Хьэмид**.

♦ **1973 гъэм** къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 – 29-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

**Къытхэхъуащ**

*Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ* сабий 36-рэ: 14-р хъыджэбз цIыкIущ, 22-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 24-рэ: 14-р хъыджэбз цIыкIущ, 10-р щIалэщ.

*Бадзэуэгъуэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 431-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 4807-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Зи мыIуэху зезыхуэм и щхьэм баш къохуэ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, бадзэуэгъуэм и 20

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет»
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра»
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «РАБОТА НАД ОШИБКАМИ» (16+)
**00.10** «Время героев» (16+)
**01.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ИСТОРИЯ ЕГО СЛУЖАНКИ» (16+)
**23.40** Т/с «БОГАТЫЕ ТОЖЕ ПЛАЧУТ» (16+)
**00.30** XXXV Международный фестиваль «Славянский базар в Витебске»
**02.05** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)
**03.30** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.15** «Сегодня»
**08.25** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**16.45** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**22.15** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**00.35** Т/с «ВСПЫШКА» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.40, 09.15** Х/ф «НА ДРУГОМ БЕРЕГУ» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня
**09.55, 13.25** Т/с «ЗОЛОТОЙ КАПКАН» (16+)
**14.25, 15.05, 17.15** Т/с «ЗОЛОТОЙ КАПКАН» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.30** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.55** Т/с «ОХОТНИК» (16+)
**00.00** Х/ф «ПЛАТА ЗА ПРОЕЗД»
**01.45** «Шедевры военных музеев». Д/с (12+)
**02.35** Т/с «ЗОЛОТОЙ КАПКАН»

### РОССИЯ К

**06.30** Пешком...
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35** Х/ф «ЛИЧНОЕ СЧАСТЬЕ» (16+)
**08.45** Д/ф «Роман в камне»
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Неизвестные маршруты России
**10.55** Х/ф «ТРИ ВЕСЕЛЫЕ СМЕНЫ» (16+)
**12.00** Писатели нашего детства
**12.45** Д/с «Хранители жизни»
**13.25** Д/с «Твердыни земли русской»
**14.15** Линия жизни
**15.05** Х/ф «ЛИЧНОЕ СЧАСТЬЕ» (16+)
**16.15** Д/ф «Подземные дворцы для вождя и синицы»
**17.15** Оттепель. В добрый час
**17.30** Д/ф «Айболит-66». Нормальные герои всегда идут в обход»
**18.10** Д/ф «К истокам древности»
**19.00** Д/с «Хождение Кутузова за море»
**19.45** Библейский сюжет
**20.15** Спокойной ночи, малыши!
**20.30** Д/с «Рассекреченная история»
**20.55** Х/ф «КРАХ ОПЕРАЦИИ «ТЕРРОР» (16+)
**22.00** «Павел I». Телеверсия спектакля Государственного академического театра имени Евгения Вахтангова
**00.20** Д/ф «Тайные дворцы Эрмитажа»
**01.00** Д/ф «Айболит-66». Нормальные герои всегда идут в обход»
**01.40** Д/ф «К истокам древности»
**02.25** Д/ф «Роман в камне»

### МАТЧ!

**06.00** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**06.30** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.30, 19.20** Новости
**07.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** Футбол. Чемпионат мира-2026. Финал. Трансляция из США (6+)
**11.40** Все на Матч! Прямая трансляция
**12.35** Специальный репортаж (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** География спорта (12+)
**14.55** «Что за спорт? Экстрим» (12+)
**15.35** Громко. Прямая трансляция
**16.45** Футбол. Чемпионат мира-2026. Финал. Трансляция из США (6+)
**19.25** Футбол. «Ротор» (Волгоград) - «СКА-Хабаровск». Лига Пари. Прямая трансляция
**21.30** Все на Матч! Прямая трансляция
**23.00** Хайдайвинг. Международный фестиваль «Две реки». Трансляция из Москвы (6+)
**01.00** Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. Трансляция из Москвы (6+)
**02.55** Автоспорт. Российская серия кольцевых гонок. Казань ринг (6+)
**03.25** Д/ф «Неймар. Номер один в Бразилии» (12+)
**04.20** Новости (0+)
**04.25** Велоспорт. Чемпионат мира. BMX. Трансляция из Австралии (6+)

## Гъубж, бадзэуэгъуэм и 21

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «РАБОТА НАД ОШИБКАМИ» (16+)
**00.00** Д/ф «Наперегонки со временем». К 75-летию Олега Газманова (12+)
**01.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ИСТОРИЯ ЕГО СЛУЖАНКИ» (16+)
**23.40** Т/с «БОГАТЫЕ ТОЖЕ ПЛАЧУТ» (16+)
**00.30** Торжественная церемония закрытия XXXV Международного фестиваля «Славянский базар в Витебске»
**01.40** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)
**03.30** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.15** «Сегодня»
**08.25** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**16.45** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**22.15** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**00.35** Т/с «ВСПЫШКА» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.35, 09.15** Т/с «ЗОЛОТОЙ КАПКАН» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.55, 13.25** Т/с «ЗОЛОТОЙ КАПКАН» (16+)
**14.25, 15.05, 17.15** Т/с «ЗОЛОТОЙ КАПКАН» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.30** «Улика из прошлого» (16+)
**21.55** Т/с «ОХОТНИК» (16+)
**00.00** Х/ф «ОДИНОЧНОЕ ПЛАВАНИЕ» (16+)
**01.45** «Москва фронту». Д/с (16+)
**02.05** Т/с «ЗОЛОТОЙ КАПКАН» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Царица небесная
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35** Х/ф «ЛИЧНОЕ СЧАСТЬЕ»
**08.45** Д/с «Хождение Кутузова за море»
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Неизвестные маршруты России
**10.55** Х/ф «ТРИ ВЕСЕЛЫЕ СМЕНЫ» (16+)
**12.00** Писатели нашего детства
**12.45** Д/с «Хранители жизни»
**13.25** Д/ф «К истокам древности»
**14.25** Больше чем любовь
**15.05** Х/ф «ЛИЧНОЕ СЧАСТЬЕ» (16+)
**16.15** Д/ф «Тайные дворцы Эрмитажа»
**17.15** Семидесятые
**17.30** Д/ф «Любовь и голуби». Что характерно! Любили друг друга!»
**18.10** Д/ф «К истокам древности»
**19.00** Д/с «Хождение Кутузова за море»
**19.45** Библейский сюжет
**20.15** Спокойной ночи, малыши!
**20.30** Д/с «Рассекреченная история»
**20.55** Х/ф «КРАХ ОПЕРАЦИИ «ТЕРРОР» (16+)
**22.00** Фильм-опера «Пиковая дама»
**00.55** Д/ф «Любовь и голуби». Что характерно! Любили друг друга!»
**01.40** Д/ф «К истокам древности»
**02.25** Д/ф «Роман в камне»

### МАТЧ!

**06.00** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**06.30** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.30, 19.20** Новости
**07.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05, 12.35** Специальный репортаж (12+)
**09.25** Д/ф «Месси» (12+)
**10.40** Смешанные единоборства. М. Анкалаев - Дж. Уокер. UFC. Трансляция из США (16+)
**11.40** Все на Матч! Прямая трансляция
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Человек из футбола (12+)
**14.55** «Что за спорт? Экстрим» (12+)
**15.35** Все на Матч! Прямая трансляция
**16.45** Д/ф «Зенит навсегда» (16+)
**18.35** Футбол. Лучшие голы чемпионата мира 2026 (6+)
**19.25** Футбол. Чемпионат мира-2026. Финал. Трансляция из США (6+)
**22.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**23.00** Смешанные единоборства. К. Макгрегор - М. Холлоуэй. UFC. Трансляция из США (16+)
**01.00** «Вы это видели» (12+)

## Бэрэжьей, бадзэуэгъуэм и 22

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «РАБОТА НАД ОШИБКАМИ» (16+)
**00.00** Д/ф «Бесстрашие таланта». К 80-летию Бориса Эйфмана (12+)
**01.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ИСТОРИЯ ЕГО СЛУЖАНКИ» (16+)
**23.40** Т/с «БОГАТЫЕ ТОЖЕ ПЛАЧУТ» (16+)
**02.00** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)
**03.30** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)

### НТВ

**04.45** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.15** «Сегодня»
**08.25** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**16.45** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**00.35** Т/с «ВСПЫШКА» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.00** Т/с «ЗОЛОТОЙ КАПКАН» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15, 13.25** Т/с «АНДРЕЕВСКИЙ ФЛАГ» (16+)
**13.55, 15.05, 17.15** Т/с «АНДРЕЕВСКИЙ ФЛАГ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.30** «Секретные материалы». Д/с (16+)
**21.55** Т/с «ОХОТНИК» (16+)
**00.00** Х/ф «СОЛЕНЫЙ ПЕС» (16+)
**01.30** Т/с «АНДРЕЕВСКИЙ ФЛАГ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Пешком...
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35** Х/ф «ЛИЧНОЕ СЧАСТЬЕ» (16+)
**08.45** Д/с «Хождение Кутузова за море»
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Неизвестные маршруты России
**10.55** Х/ф «ТРИ ВЕСЕЛЫЕ СМЕНЫ» (16+)
**12.00** Писатели нашего детства
**12.45** Д/с «Хранители жизни»
**13.25** Д/ф «К истокам древности»
**14.25** Больше чем любовь
**15.05** Х/ф «ЛИЧНОЕ СЧАСТЬЕ» (16+)
**16.15** Д/ф «Тайные дворцы Эрмитажа»
**17.15** Оттепель. В добрый час
**17.30** Д/ф «Баллада о солдате». Я вернусь, мама!»
**18.10** Д/ф «К истокам древности»
**19.00** Д/с «Хождение Кутузова за море»
**19.45** Библейский сюжет
**20.15** Спокойной ночи, малыши!
**20.30** Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
**22.00** «Я - Сергей Образцов». Спектакль Государственного академического центрального театра кукол имени С. В. Образцова
**23.30** Д/ф «Баллада о солдате». Я вернусь, мама!»
**00.15** Д/ф «Тайные дворцы Эрмитажа»
**01.00** Д/ф «Роман в камне»
**01.30** Д/ф «К истокам древности»
**02.15** Неизвестные маршруты России

### МАТЧ!

**09.00, 12.55, 15.30, 19.30** Новости
**09.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.40** Водное поло. Нидерланды - Россия. Кубок мира. Женщины. 1/4 финала. Прямая трансляция из Австралии
**10.55** Футбол. Лучшие голы чемпионата мира 2026 (6+)
**11.40** Все на Матч! Прямая трансляция
**12.35** Специальный репортаж (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «Дело №» (16+)
**14.55** «Что за спорт? Экстрим» (12+)
**15.35** Все на Матч! Прямая трансляция
**16.45** Д/ф «Зенит навсегда» (16+)
**19.35** Профессиональный бокс. Лучшие бои Тима Цзю (16+)
**22.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**23.00** Смешанные единоборства. Дрикус Дю Плесси - Камару Усмана. UFC. Трансляция из США (16+)
**01.00** Бильярд. Betboom Кубок чемпионов. Трансляция из Москвы (6+)
**02.50** География спорта (12+)
**03.20** Д/ф «Наскар. Ведущее наследие» (16+)
**04.20** Новости (0+)
**04.25** Легкая атлетика. Бриллиантовая лига. Трансляция из Великобритании (6+)

## Махуэку, бадзэуэгъуэм и 23

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «РАБОТА НАД ОШИБКАМИ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ИСТОРИЯ ЕГО СЛУЖАНКИ» (16+)
**23.40** Т/с «БОГАТЫЕ ТОЖЕ ПЛАЧУТ» (16+)
**02.00** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)
**03.30** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)

### НТВ

**04.45** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.15** «Сегодня»
**08.25** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**16.45** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**Дунейм къытехьащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и журналым и зи чэзу къыдэкIыгъуэр. Ар гъэнщIащ химие, биологие, мэкъумэш щIэныгъэхэм, социологием, философием, филологием, гъуазджэхэмрэ щэнхабзэмрэ ехьэлIа тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ.**

ЛЭЖЬЫГЪЭШХУЭ ягъэзэщIащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Къущхьэ Хьэсбийрэ химие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Шэрджэс Заурре. Абыхэм къагъэнэхуащ (48мол.% $Li_2WO_4$ - 52 мол.% $Na_2WO_4$)эвт - MgC12 системэм вольфромат магний къызэрыхагъэкIыр. ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, абыхэм къагъэсэбэпа Iэмалым и фIыгъэкIэ зылъыхъуа пкъыгъуэр системэм нэхъ псынщIэу къыхагъэкъэбзыкIащ, зэрылэжьа температурэмрэ трагъэкIуэда гуащIэмрэ ягъэмэщIэнуи яхузэфIэкIащ.

Мэкъумэш щащIэ губгъуэхэм щIагъэлъадэ Тэрчыпсым хэлъ жэзымрэ абы и шыгъухэмрэ псым и фIагъыр зэрахъуэжым тетхыхьащ биологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Къэзанш Людмилэ, химие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Мэрзей Анитэрэ Кумыщ Юлиерэ, КъБКъМУ-м и аспирантурэм щIэс Сасыкъ Темырлан, 4-нэ курсым щеджэ Ахъмэт Миланэ сымэ.

ЩIэныгъэлI гупым къызэрагъэлъагъуэмкIэ, Тэрч псыр къуршыщхьэм къыщыщIэжым и закъуэ мыхъуу, уэшхыпси, уэси, щIымыл ткIужаи къыхолъадэ, къищынэмыщIауэ, Ардон, Балъкъ, Сунжэ, Урыху, Армхи, Гизельдон псыхэм къагъэнщI. Къэбэрдей цIыкIу кIэнауэ жыхуаIэ, зэщымыщу зэхэлъэдэжа псыр мэкъумэш щIапIэхэм щIагъэлъадэ. Дауи, псым и зэхэлъыкIэм елъытащ а губгъуэхэм мэкъумэшыщIэхэм гъавэ бэв къащехъулIэнрэ къащемыхъулIэнрэ. Аращ щIэныгъэлIхэм Тэрчыпсым и щIыуэпс-гидрохимие зэхэлъыкIэр кууэ щIаджари.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бгы лъапэхэм хур щащIэ и губгъуэхэм халъхьэ щIыгъэпшэр лIэужьыгъуэщIэхэм гъавэр зэрагъэбагъуэм тетхыхьащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат Щоджэн Юрэрэ абы и студентхэу Абазэ Амиррэ Балъкъэр Тамарэрэ.

Мы гупым илъэсищкIэ яджащ зи гугъу тщIы щIыгъэпшэр лIэужьыгъуэщIэхэр. ЗэрыжаIэмкIи, гъавэр бэв хъуащ, нэхъапэм зы гектарым къытрахыу щытам процент 26,3-кIэ хэхъуащ.

Юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Дыгъужь Муминат утыку кърихьащ «Адыгэ щIэиныр зыхъумахэр: КъШР-м щыIэ адыгэ къуажэхэм дэс IэщIагъэлIхэм я лэжьыгъэм хэзыгъэгъуазэ» зыфIища тхыгъэр. Абы кууэ иджащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу, адыгэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм яхузэфIэкIар, абыхэм я IэщIагъэ мытыншым къыпызыщэн щIалэгъуалэм ирагъэкIуэкI Iуэхухэр.

Адыгэ щэнхабзэмрэ буддизмэмрэ тетхыхьащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор Агапов Евгенийрэ Пендюринэ Людмилэрэ. Абыхэм къагъэлъэгъуащ буддизмэм и лъэужь адыгэ щэнхабзэм къызэрыхэнар. ЩIэныгъэлIхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, зэ IуплъэгъуэкIэ адыгэм пэжыжьэ, Кавказым къэсын хуэмея фIэщхъуныгъэр къалмыкъхэм къытхахьащ. ИгъащIэ лъандэрэ зэгъунэгъуу щыта, политикэкIэ, нэчыхькIэ зэпыщIауэ щыта лъэпкъитIыр фIэщхъуныгъэ и лъэныкъуэкIи зэлъэмыIэсу къэнакъым, къызэрыщIэкIымкIэ.

Лэскэн районым хиубыдэ языныкъуэ къуажэхэм дэсхэм я псэлъэкIэр литературэбзэм къызэрыщхьэщыкIыр бзэщIэныгъэлIхэм къыхагъэщауэ щытащ лIэщIыгъуэ нықъуэ ипэкIэ, ауэ нобэр къыздэсым ар Iуэху ящIу зыри щхьэхуэу елэжьакъым. Абы къыхэкIыуи пыухыкIауэ мыбы узыщрихьэлIэ жылэхэр дапхуэдэми, нэхъ и нэщэнэу щытхэри гъэбелджыла хъуакъым. А Iуэхугъуэхэр бубзыхун щхьэкIэ районым исхэм яхэупщIыхьын икIи абы кърикIуахэм ятещIыхьауэ зэхэгъэкIын хуейт псэлъэкIэр щызекIуэ гъунапкъэхэмрэ нэхъыщхьэу дэплъагъу щхьэхуэныгъэхэмрэ. Апхуэдэ къалэн икIэщIыпIэкIэ гъэзэщIэн хуейуэ къэуващ щIыпIэбзэхэмрэ псэлъэкIэхэмрэ я Iуэху мы зэманым зытетыр къэхутэнымкIэ лэжьыгъэшхуэм иужь зэрихьам къыхэкIкIэ. Экспедицэ ирагъэкIуэкIам тетхыхьащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор БищIо Борис. «Лэскэн псэлъэкIэм ирипсалъэхэмрэ щхьэхуэныгъэу иIэхэмрэ» фIищащ абы и тхыгъэм.

ЩIэныгъэ журналым и къыдэкIыгъуэм ихуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъуам теухуауэ ЩIДАА-м и щIэныгъэлI секретарь нэхъыщхьэ, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ тхакIуэ, журналист, ЩIДАА-м хэт корреспондент Къаныкъуэ Анфисэрэ зэдагъэхьэзыра тхыгъэр.

КъищынэмыщIауэ, Щхьэгъэпсомрэ Слъон Тимуррэ тетхыхьащ генетик зэчиифIэ, егъэджакIуэ Iэзэ, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат Мэржэхъу Аслъэн къызэринэкIа щIэныгъэ лъагъуэм.

**ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.**




● ФщIэн папщIэ

# Электрокъарум и уасэр зэратынур

Бадзэуэгъуэм и 1-м щыщIэдзауэ КИФЩI-р электрокъарукIэ къызэзыгъэпэщ IэнатIэ нэхъыщхьэу щытынур «Сату зэрашIхэр шэсыпIэ ихьэу къахуезыгъашэ зыуэ щыт IуэхущIапIэ» зи акцэхэр мардэншэу зэIэпах хъу зэгухьэныгъэрщ (нэхъапэкIэ - «Ставропольэнергосбыт» ПАО).

Сату зэращIхэр шэсыпIэ ихьэу къахуезыгъашэ зыуэ щыт IуэхущIапIэм и хабзэхэм цIыхухэр зэрытехьэну щIыкIэр:

- Электрокъарур къазэрыIэрыхьэм теухуа зэгурыIуэныгъэр IэнатIэм щIэрыщIэу ещIылIэн хуейкъым. А IуэхущIапIэм электрокъарум и уасэр япэу щептам щегъэжьауэ зэгурыIуэныгъэр щIэрыщIэу зэфщIылIэжауэ къалъытэ. Лицевой счетхэм я номерхэм зэхъуэкIыныгъэ иIэнукъым.

- Мэкъуауэгъуэм къэвгъэсэбэпа электрокъарум и уасэр 2026 гъэм бадзэуэгъуэм и 15 пщIондэ «Россети Северный Кавказ» ПАО-м ефтын хуейщ.

- 2026 гъэм бадзэуэгъуэм и 25 пщIондэ электрокъаруу къэвгъэсэбэпар къэзыпщытэ Iэмэпсымэм къигъэлъагъуэр Сату зэращIхэр шэсыпIэ ихьэу къахуезыгъашэ зыуэ щыт IуэхущIапIэм хуегъэхьын хуейщ (нэхъапэкIэ - «Ставропольэнергосбыт» ПАО).

**Электрокъаруу къэвгъэсэбэпар къэзыпщытэ Iэмэпсымэм къигъэлъагъуэр IуэхущIапIэм зэрыIэрыбгъэхьэну Iэмалхэр**:

- https://paoegp.ru/ сайтым фыщиIэ кабинетым къыщывгъэлъагъуэ хъунущ. Абы зыщевгъэтхын папщIэ фи лицевой счетыр (абы зихъуэжыркъым) ивотхэ.

- ГИС ЖКХ-м и сайтымкIэ: **https://dom.gosuslugi.ru/**

- Сату зэращIхэр шэсыпIэ ихьэу къахуезыгъашэ зыуэ щыт IуэхущIапIэм и мобильнэ сервисхэмкIэ.

2026 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ къэвгъэсэбэпа электрокъарум и уасэр 2026 гъэм шыщхьэуIум и 1 пщIондэ Сату зэращIхэр шэсыпIэ ихьэу къахуезыгъашэ зыуэ щыт IуэхущIапIэм ефтын хуейщ (нэхъапэкIэ - «Ставропольэнергосбыт» ПАО).

**Уасэр зэрат щIыкIэхэр**:

- **https://paoegp.ru/** сайтым фыщиIэ кабинетымкIэ. Абы зыщевгъэтхын папщIэ фи лицевой счетыр (абы зихъуэжыркъым) ивотхэ.

ЖКХ-м и сайтымкIэ: **https://dom.gosuslugi.ru/**

- Сбербанкым иIэ гуэдзэнымкIэ. «Урысейм и Сбербанк» ПАО-м и банкоматхэмрэ терминалхэмкIэ.

- РКЦ-мрэ Урысейм и пощтымрэ я къудамэхэм (лицевой счетымкIэ).

- Сату зэращIхэр шэсыпIэ ихьэу къахуезыгъашэ зыуэ щыт IуэхущIапIэм и абонент къудамэм и кассэхэм. Абыхэм я хэщIапIэхэр сайтым къыщыгъэлъэгъуащ.

- Сату зэращIхэр шэсыпIэ ихьэу къахуезыгъашэ зыуэ щыт IуэхущIапIэм и мобильнэ сервисхэмкIэ.

УпщIэ фиIэмэ, «Сату зэращIхэр шэсыпIэ ихьэу къахуезыгъашэ зыуэ щыт IуэхущIапIэ» ПАО-м и контакт-центрым фыпсалъэ хъунущ - 8 (800) 250-16-56.

Контакт-центрыр махуэ къэс, зыгъэпсэхугъуи ямыIэу, сыхьэти 8-м щегъэжьауэ 21-рэ хъуху лэжьэнущ.

* * *

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и IуэхущIапIэхэмрэ (юридическое лицо) щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ къагъэсэбэпа электрокъарум и уасэр 2026 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ щат хъунущ банкым и къудамэхэм, «ЕГП» - «Къэббалъкэнергосбыт» ПАО-м и хэщIапIэр къэбгъэлъагъуэу, мы реквизитхэмкIэ:

**Юридическэ, цIыху щхьэхуэхэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм папщIэ расчет счетым и реквизитхэр**:

«Сату зэращIхэр шэсыпIэ ихьэу къахуезыгъашэ зыуэ щыт IуэхущIапIэ» зи акцэхэр мардэншэу зэIэпах хъу зэгухьэныгъэ

Юридическэ хэщIапIэр: 357633, Ставрополь край, Ессентуки къ., Большевистскэ у., унэ 59-нэ, а

Пощт хэщIапIэр: 360016, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къ., Мальбахъуэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 117-нэ унэ.

Тел./факс: +7-938-355-00-45

e-mail: info@kbr.paoegp.ru

**Реквизитхэр**:

**Ахъшэ къеIызыхыр**:

«ЕГП» - «КЪЭББАЛЪКЪЭНЕРГОСБЫТ» ПАО-м и къудамэр

ИНН: 2626033550

КПП: 070043001

Р/с: 40702810160710003017

БИК: 040702615

СТАВРОПОЛЬ КЪУДАМЭ №5230 ПАО СБЕРБАНК

К/с: 30101810907020000615

ОКПО: 76854667

ОКВЭД: 35.14

ОГРН: 1052600222927

**Грузоотправитель и его адрес**:

«ЕГП» - «КЪАББАЛЪКЪЭНЕРГОСБЫТ» ПАО-м и КЪУДАМЭ

360016 Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къ., Мэлбахъуэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 117-унэ.

КПП: 070043001

**Сату зэращIхэр шэсыпIэ ихьэу къахуезыгъашэ зыуэ щыт IуэхущIапIэм зэгурыIуэныгъэ зэрепщIылIэнур**

IуэхущIапIэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм зэгурыIуэныгъэ зращIылIэнур зэрахъуэжам, ар зэрырагъэкIуэкIынум теухуа хъыбарегъащIэхэр къаIэрыхьэнущ.

Электрокъарур къазэрыIэрыхьэнумкIэ зэгурыIуэныгъэр зэрызэращIылIэну тхылъхэр 2026 гъэм шыщхьэуIум и 31 пщIондэ ягъэхьэзырын хуейщ. Абы папщIэ зыхуеину тхылъхэр къыщыпщIэфынущ Сату зэращIхэр шэсыпIэ ихьэу къахуезыгъашэ зыуэ щыт IуэхущIапIэм и paoegp.ru сайтым «Юридическэ цIыхухэр» и Iыхьэм.

**ЗэгурыIуэныгъэ зэращIылIэн папщIэ Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэ хэщIапIэхэм зыхуэвгъазэ хъунущ е фыпсалъэ хъунущ «линие пщтырым» - 8 (800) 250-16-56.**

**<u>ГУ ЗЫЛЪЫТАПХЪЭ!</u>**

2026 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ къагъэсэбэпа электрокъарум и уасэр «Россети Северный Кавказ» ПАО-м иратмэ, ахъшэр Сату зэращIхэр шэсыпIэ ихьэу къахуезыгъашэ зыуэ щыт IуэхущIапIэм къыIэрыхьауэ къалъытэнукъым (нэхъапэкIэ - «Ставропольэнергосбыт» ПАО). Абы щIыхуэ къыфтригъэхуэнкIэ шынагъуэ щыIэщ.

ДыныволъэIу набдзэгубдзаплъэу фыщытыну, ахъшэр зыIэрыхьэмрэ абы и банк реквизитхэмрэ къэфпщытэну, уасэр ефтын ипэ абы теухуауэ щыIэ хъыбарыщIэхэм зыщывгъэгъуэзэну. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр щыуагъэншэу икIи и чэзум фи Iуэхур зэфIэкIынымкIэ щхьэпэ хъунущ.

2026 гъэм бадзэуэгъуэм и 1 пщIондэ къэвгъэсэбэпа электрокъарум папщIэ къыфтехуа щIыхуэр «Россети Северный Кавказ» ПАО-м япэрей реквизитхэмкIэ щыфтыну дыныволъэIу.

# ЩIэныгъэ куу ямыIэмэ, лъэ быдэкIэ увыфынукъым





**МедицинэмкIэ «Астра-Сфера» щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым иджыблагъэ щекIуэкIащ «Метаболическое здоровье человека в 21 веке» етIуанэ урысейпсо щIэнIуатэр. Ар институтым даIыгъащ КъБР-м и Парламентым, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэхэм, Росздравнадзорым и республикэ къудамэм. Iуэхур Iыхьэ зыбжанэу гуэшауэ щытащ, дэтхэнэми узыншагъэр хъумэнымрэ егъэфIэкIуэнымрэ теухуа гупсысэхэмрэ чэнджэщхэмрэ къыщагъэлъэгъуауэ.**

ЦIЫХУР куэдрэ псэуным сэбэп хуэхъухэм, лъэпкъым и узыншагъэр абы и шыфэлIыфэмрэ и псэукIэмрэ гъэщIэгъуэну зэрепхам, нэгъуэщIхэми щытепсэлъыхьащ зэIущIэм. ЩIэнIуатэр къыщызэIуаха пресс-конференцэм хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и коллегием хэт, «Астра-Сфера» институтым и ректор, КъБР-м щыIэ «Врачебная Палата» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Щоджэн Эдуард, Росздравнадзорым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Ахъмэт Алим, Постгеном медицинэмкIэ лъэпкъ ассоциацэу Москва щыIэм и гъэзэщIакIуэ унафэщI Крюков Станислав, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор «Астра-Сфера» институтым щIэныгъэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ и проректор Умэт Мурат.

Къеблэгъахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Щоджэн Эдуард.

- ДэркIэ куэд и уасэщ нобэрей Iуэхур зэрекIуэкIыр. Мыр узыншагъэр хъумэным теухуауэ ди еджапIэм къыщызэдгъэпэщ етIуанэ урысейпсо щIэнIуатэщ. КъыддэзыIыгъахэм фIыщIэшхуэ яхузощI. ЩIэнIуатэр куэдым я дежкIэ щхьэпэ хъуну си гугъэщ. Узыншагъэр псом я щхьэщ, щIэныгъэ куур и лъабжьэу абы утепсэлъыхьыныр ехъулIэныгъэщ, - жиIащ абы.

Щоджэн Эдуард къыхигъэщащ щIалэгъуалэр медицинэм хуегъэджэнымкIэ Iэмал нэхъ лъэщ дыдэхэр къызэрыгъэсэбэпыпхъэр. Сыту жыпIэмэ, узыншагъэм теухуауэ щIэныгъэ куу ямыIэмэ, ахэр лъэ быдэкIэ увыфынукъым. АтIэ ди къэкIуэнур, цIыхубэм я узыншагъэр абыхэм ягъуэт щIэныгъэмрэ яхэлъ тегушхуэныгъэмрэ зыкъомкIэ елъытащ. Абы теухуауэ и еплъыкIэр щыжиIэм, къыхигъэщащ дзэ Iуэху хэхам зригъэгупсысхэри.

- Мы зэманым екIуэкI дзэ Iуэху хэхам гъащIэм лъэныкъуэ куэдкIэ дегупсысыным дрехулIэ. Ар, дауи, медицинэми ехьэлIащ. Псалъэм папщIэ, ди студентхэм щIэныгъэ куу еттынымкIэ къэдгъэсэбэп Iэмалхэр къыдопщытэж, абы хэдгъэхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм дыкIэлъоплъыж. ЩIалэгъуалэр тегушхуауэ медицинэ IэщIагъэм пэрытыным, я щIэныгъэр нэсу къагъэсэбэпыным теухуауэ гу зылъытапхъэхэми догугъу. Махуэ зыбжанэ ипэ «Астра-Сфера» институтым щекIуэкIащ студенхэм я дунейпсо щIэныгъэ конференц. Ди студент 20-м къагъэлъэгъуащ гулъытэ зыхуэфащэ Iуэхухэр, - къыигъэщащ абы. ЩIэнIуатэм и мурадхэм къытеувыIэу жиIащ узыр бгъэхъужыным нэмыщI, ар къэзыгъэхъейр къэпхутэу къэбгъэувыIэным мыхьэнэ етын зэрыхуейр икIи абы теухуауэ конференцэм куэд зэрыщыжаIэнур, щIэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ, къэхутэныгъэхэмкIэ, щапхъэхэмкIэ а псор зэрыщIагъэбыдэжынур.

Узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ зэрызэпыщIам, ныбжьыщIэхэм я узыншагъэр зэлъыта Iуэхугъуэу гу зылъитахэм, зэхэщIыкI Iэрыщыр къыщыунэхуа зэманым сабийхэм я узыншагъэм псом хуэмыдэу гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэм я гугъу ищIащ Езауэ Анзор.

- ЩIэблэм я узыншагъэрщ дэ, адэ-анэхэм, ди дежкIэ псом нэхъыщхьэр. Ар ехьэлIащ медицинэми, психологиеми, ди бынхэм яшх ерыскъыр зыхуэдэми. Адэ-анэхэм гу лъыттэн хуейщ быныр дэзыхьэххэм, щIэныгъэу къыхахыну нэхъ зытегушхуэхэм, нэхъыфI дыдэу къайхъулIэхэм, я ныбжьэгъухэр зыхуэдэм, зыхэт гупыр зытепсэлъыхьхэм, нэгъуэщI зыкъомми. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ди щIэблэр лъэ быдэкIэ дгъэувын папщIэ, абыхэм я хьэлщэнымрэ я гум нэхъ къыхих Iуэхугъуэхэмрэ псори тетщIыхьын хуейщ. Зэгуэр балигъхэм къыдэмыхъулIауэ щыта хъуэпсапIэхэр бынхэм я гъащIэм щызэхуэдгъэхъужыну иужь дихьэ хъунукъым. ЦIыху къэс иIэжщ езым и гъуэгу, и хьэл-щэн, и гупсысэкIэ, - жиIащ Езауэм.

Узыншагъэр хъумэным Росздравнадзорыр зэрыкIэлъыплъым, абы и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ щытыкIэм, упщIэ гуэрхэр яIэу е я лэжьыгъэм папщIэ фIыщIэ хуащIыну я IуэхущIапIэм цIыхухэр зэрыпсалъэм и гугъу ищIащ Ахъмэт Алим. Къыхигъэщащ узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэмалхэм зэпымыууэ зэрызахъуэжым.

Постгеном медицинэм тепсэлъыхьащ Крюков Станислав.

- Мы зэманым щIэныгъэмрэ «клиническое злравоохранение» жыхуэтIэмрэ зэщIыгъущ. Абы теухуауэ щыIэщ лъэпкъ проект хъарзынэхэри. Шэч къытесхьэркъым постгеном медицинэм нэхъри зэрызиубгъунум, - къыхигъэщащ абы.

- Ди зэманым цIыхухэр зыгъэгуауэщхьэуэ узыфэ куэдым япэщIэтын хуей мэхъу медицинэр. Апхуэдэщ фошыгъу узри, пшэрагъ лейри атеросклерозри, инсультри, инфарктри, нэгъуэщIхэри. Ди жагъуэ зэрыхъущи, а узыфэхэм йолIыкI ди къэралым и цIыху куэд. Постгеном медицинэмкIэ ассоциацэм зыхуигъэувыжа къалэнхэм ящыщщ апхуэдэ узыфэхэм ятехуа щIэныгъэр дохутырхэм я деж нихьэсыныр, цIыхубэр узыфэхэм зэрыхъукIэ щихъумэныр. Къапщтэмэ, ди республикэм зэфIэкI лъагэхэр къигъэлъэгъуащ иджырей технологие лъэщхэр медицинэм къыщыгъэсэбэпынымкIэ. Ауэ Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм и закъуэ къарукIэ апхуэдэ къалэн гугъухэм пэлъэщыфынукъым. Дауи, узыншагъэр хъумэным я зэфIэкI халъхьэ республикэм и нэгъуэщI IуэхущIапIэхэми. Псалъэм папщIэ, министерствэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэм, - жиIащ Умэт Мурат.

Журналистхэм упщIэхэр иратащ пресс-конференцэм хэтхэм. Постгеном медицинэм, узыншагъэмкIэ сэбэп шхыныгъуэхэм, егъэджэныгъэмрэ медицинэмрэ я зэпыщIэныгъэм, нэгъуэщIхэми теухуат ахэр.

УзыншагъэмкIэ сэбэп ерыскъыхэм я гугъу ищIу, Умэт Мурат къытеувыIащ щэнхабзэмрэ узыншагъэ Iуэхумрэ игъащIэ лъандэрэ къызэрызэдэгъуэгурыкIуэм, узыншагъэм и щэхухэр лъэпкъ щхьэхуэм и дуней тетыкIэм къызэрыхэбгъуэтэфынур.

- Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я зыIыгъыкIэкIэ, ерыскъы пщэфIыкIэкIэ, щэнхабзэкIэ, хабзэкIэ, цIыху хэтыкIэкIэ узыншагъэм сыткIи хуэфI дуней тетыкIэ къадэгъуэгурыкIуэрт. Арат куэдрэ щIэпсэур. Ерыскъы узыншэм и мыхьэнэр икъукIэ инщ. Ди зэманым къызэщIэрыуа узыфэ куэдым я щхьэусыгъуэри цIыхухэм тыншу яхуэмыгъэткIу шхынырщ. НэгъуэщIу жытIэнщи, мэжэщIалIагъэркъым, атIэ ныбэизыгъэрщ нэхъыбэм я мыгъуагъэр. Ди лъэпкъхэм шхынкIэ ирагъэлейуэ щытакъым, псалъэм папщIэ. Ди еджапIэм и пщэрылъхэм ящыщщ щэнхабзэмрэ иджырей технологиехэмрэ я къару зэщIэгъэуIуакIэ узыншагъэр хъумэным хэлIыфIыхьыныр, абы студентхэр хуэгъэсэныр. Си гугъэщ ди щIэнIуатэм гупсысэ узыншэхэр кърикIуэну. Ди цIыхухэр узыншэрэ насыпыфIэу псэунырщ дызыщIэхъуэпсыр, - жиIащ профессорым. Абы къыхигъэщащ щIэныгъэм хуэпабгъэ студентхэр щIэнIуатэм волонтёру зэрыхэтыр. И цIэ къриIуащ КъБР-м и ЩIалэгъуалэ правительствэм и министр Мусаев Уллубий.

АдэкIэ щIэныгъэлIхэр къыщыпсэлъащ щIэнIуатэм и Iыхьэ щхьэхуэхэм.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэхэм къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр Щоджэн Эдуард иратащ Езауэ Анзоррэ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Аникушинэ Татьянэрэ.

- Узыншагъэр хъумэным епха щIэнIуатэр ди республикэм щекIуэкIыныр хабзэ дахэ зэрыхъуам сыщогуфIыкI. Медицинэм епха иджырей технологиехэм, узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэхэм я къалэнхэм, дохутырхэм къагъэсэбэп Iэмалхэм щытепсэлъыхь щIыпIэ ди щIыналъэр зэрыхъуар, Налшык къалэ апхуэдэ утыку зэрыщыIэр куэд и уасэщ. Мыбы цIыхухэр куэдрэ зэрыщыпсэум хэлъ щэхухэмрэ медицинэм и IэмалыщIэхэмрэ щызэподжэж. Кавказым ис лъэпкъхэр куэдрэ зэрыпсэур зыкъомкIэ епхащ яшх ерыскъым щIэлъ къэуатым, ар узыншагъэмкIэ зэрысэбэпым. Мы щIэнIуатэм и программэр куущ, куэд къызэщIеубыдэ. Ар щхьэпэщ медицинэм елэжь щIэныгъэлIхэм гупсысэзэхэдзэ ящIынымкIэ.

Iуэхум хэтащ хирургиемкIэ Академик Петровский Б.В и цIэр зэрихьэу Москва дэт урысей лъэпкъ центрым и институтым и IэщIагъэлI, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Якушенкэ Еленэ.

- Мы щIэнIуатэм Iэмал къыдет япэкIэ дыкIуэтэну. Си гугъэмкIэ нэхъыщхьэ дыдэу мыбы хэтри узыфэр цIыхум и Iэпкълъэпкъым итIысхьэну хунэмыс щIыкIэ къэдгъуэту къэдгъэувыIэным теухуауэ щыIэ Iэмалхэр кууэ зэрыщызэпкърыхарщ. ДыкъэмыувыIэу зыдужьын хуейщ узыншагъэм и плъырхэм. Абы папщIэ медицинэм и цIыхухэр IэщIагъэм гурэ псэкIэ бгъэдэтыпхъэщ, - жиIащ абы. Якушенкэ «Астра-Сфера» институтым тыгъэ хуищIащ Москалёв Алексей и «Медицина 3.0. Медицина здорового долголетия» тхылъыщIэр.

Умэт Мурат тепсэлъыхьащ ерыскъы къабзэ шхынымрэ узыншагъэмрэ зэрызэпхам. Щхьэхуэу къытеувыIащ нэхъыжьхэм шхыным епхауэ яхэлъа щэнхабзэм: ахэр хуэму шхэрт, яшхым мардэ иIэт, гъэшхъэкIхэмрэ витаминхэмкIэ къулей къэкIыгъэхэмрэ зыхуагъэныкъуэртэкъым. Кавказым ис лъэпкъхэм лы лей зыкIэрылъ щIагъуэу яхэттэкъым. ГъэщIэгъуэнщ профессорым адыгэ цIыхухъу бгырыпхым ехьэлIа къэхутэныгъэу еджапIэм щрагъэкIуэкIам теухуауэ къигъэлъэгъуахэр. Махуэ бжыгъэкIэ бгырыпхыр зыщIэзыгъэлъахэм я бгыр сантиметр бжыгъэкIэ нэхъ псыгъуэ зэрыхъуам Умэтым и нэIэ щIэту къиухутащ Iэпщэ Елдар.

Якутием медицинэмкIэ и центрым и IэщIагъэлI, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Югай Михаил тепсэлъыхьащ цIыхур узыншэн папщIэ зытетын хуей хабзэхэм, зэпхьэлIэну нэхъыфIу къалъытэ хущхъуэхэм, нэгъуэщIхэми.

ЩIэнIуатэм щагъэлъэгъуащ медицинэмкIэ докторхэм, профессорхэм, дохутыр Iэзэхэм къапщыта хущхъуэхэм щыщ. Абы хэтащ «2lab», «Инвитро», «Vitauct», «Юглон» медицинэ IуэхущIапIэхэр, нэгъуэщIхэри.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*

# ГъэпцIакIуэхэм щахъумэ

**Урысей МВД-м Шэджэм районым щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм къалэн куэд щызэфIагъэкI центрым Iуэху щхьэпэ щрагъэкIуэкIащ. Ар теухуат гъэпцIакIуэхэм я бзаджагъэм цIыхухэр щыхъумэным.**

Полицейхэм, къудамэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Джэрыджэ Борис ящIыгъуу къекIуэлIахэмрэ МФЦ-м и лэжьакIуэхэмрэ яхутепсэлъыхьащ бзаджащIэхэм пэIудзауэ зэрахьэ хьэгъэщагъэхэм нэхъ зызыубгъуа жыжьагъ гъэпцIагъэхэм. Хэхауэ къытеувыIащ цIыхухэр телефонкIэ къызэрагъэапцIэм, банкхэм е хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэу загъэлъагъуэурэ.

Акцэм хэта дэтхэнэми иратащ хабзэншагъэхэм зэрызыщахъумэфыну Iэмалхэр зытет тхылъымпIэ цIыкIухэр. Абыхэм итщ: зыми яжевмыIэ фи банк картэхэм ятеухуахэр, шэч зыхуэфщI ссылкэхэм фимыхьэ икIи фымыцIыхум къыбгъэдэкIа хъыбарым и пэжыпIэр зэхэвгъэкI. къэфпщытэж.

- Ди къалэн нэхъыщхьэр цIыхухэр сакъыну яжетIэнырщ, ахэр нэхъ набдзэгубдзаплъэ щIынырщ. ГъэпцIакIуэхэм защыхъумэным и Iэмал нэхъыфIыр абыхэм жаIэхэр уи фIэщ умыщIынырщ, - къыхагъэщащ акцэм хэтахэм.

**УАРДЭ Жантитнэ.**






● Шхыныгъуэ

# Ху жэмыкуэ

Шатэр псы щІыІэ зрагъэжыхьа шыуаным иракІэ, мафІэм трагъэувэри, зэІащІэурэ дакъикъи 5 - 6-кІэ къагъавэ, цІыкІу-цІыкІуу зэпыупщІа кхъуей цІынэ халъхьэ, аргуэру къагъэкъуалъэ, кхъуейр зэпыш хъуху е ткІуху. ИтІанэ шатэ гъэвам, бэлагъкІэ зэІащІэурэ, ху хьэжыгъэ ухуэнщІа хаудэ, дакъикъэ 15 - 20-кІэ ягъажьэ, мафІэр цІыкІуу, и щхьэр тепІауэ.

Жэмыкуэм тхъу къыщІэкІыу зэрыхуежьэу шыгъушыпс хакІэ, псы щІыІэ тІэкІукІэ зэІыха джэдыкІэ кугъуэ уда, зэІащІэурэ, хакІэ, шыуаныщхьэр техауэ дакъикъи 5 - 6-кІэ ягъажьэ тхъу къыщІидзыху. Жэмыкуэ хьэзырыр гъуэжь дахэщ, тхъупсым зэрихьэу, мэ гуакІуэ къыхихыу щытщ. Пщтыру яшх, шху щІыІэ и гъусэу.

***Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):*** псы щІыІэу - г 150-рэ, шатэу - г 540-рэ, джэдыкІэ кугъуэу - 1, ху хьэжыгъэу - г 170-рэ, кхъуей цІынэу - г 50, шыгъуу - узыхуеймыхуэдиз.



● Къуалэбзухэр

# Бгъащхъуэжьей



Къашыргъэ лъэпкъщ. И теплъэр гъуабжэ-щхъуэщ. Щопсэу ди къэралым и къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ, Кавказым, Азие ЦІыкІум, Ираным и ищхъэрэ къухьэпІэм. Щыгъуэлъхьэну нэхъ къыхихыр мэкъупІэхэрщ, шэд зи гъунэгъу мэзылъэхэрщ, псыхъуэхэрщ. И шхыныгъуэм хохьэ блэ, шындырхъуо, хьэндыркъуакъуэ, псэущхьэ лІахэр. Абгъуэр жыгым трещІыхь. Зы гъэ кІэцІыгъуэр зэрыхъур джэдыкІитІщ, накъыгъэм мэгъуэлъхьэжри, махуэ 40-кІэ къреш. Кавказ бгъащхъуэжьейхэр лъэтэжыркъым. Ахэр нэхъыбэу щыплъагъур бгы лъагэхэрщ. Нарт хъыбархэм къыхощыж бгъащхъуэжьейхэр. Псалъэм папщІэ, Ашэмэз и пшыналъэхэм яхэтщ мыпхуэдэ едзыгъуэ:

... И адэжь и Іэщэр нызыкІэрещІэ,
И бгъащхъуэжьейр сэшхуэкІым тесщ,
И самыр жьейр шыбгъэгум щІэтщ.

# Жэнейхэр

● ЛІакъуэхэр

Пасэм щыгъуэ жэнэ адыгэ лъэпкъым и цІыхухэр куэд хъуурэ, щІышхуи яІыгъыу щытащ. Ахэр щыпсэуащ Псыжь и ижьырабгъу бгъуэщІым. Жэнейхэм я щІым къуэкІыпІэмкІи къухьэпІэмкІи жыжьэу зыщиукъуэдийрт, ипщэ лъэныкъуэмкІэ ар Кавказ къуршхэм еуалІэрт. Хуэбгъэфащэ хъунущ, жэнейхэр езыхэм нэхърэ нэхъ гуащІэмащІэ лъэпкъхэр зрагъэдаІуэу, ахэри яхэту тхыдэ тхыгъэжьхэм кІахэ адыгэу къыхэщхэрауэ.

Жэней адыгэ лъэпкъым щхьэхуитыныгъэр зыпищІ щымыІэу къэгъуэгурыкІуащ. Ахэр лІыгъэ яхэлъу куэдрэ езэуащ кърым тэтэрхэм. Тенджыз ФІыцІэм и Іуфэм пащтыхь быдапІэхэр щагъэуву, къэзакъхэр къыІуагъэтІысхьэу хуежьа нэужь, жэнейхэм Псыжь и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр хэщІапІэ ящІащ. Пщыхэмрэ уэркъхэмрэ зыхэмыкІ зауэ кІыхьхэм, Кавказ зауэжьым, ИстамбылакІуэм жэней адыгэхэм ящыщу къелар мащІэщ. Иджы зэгуэр лъэщу щыта жэней лъэпкъым щыщу къэнахэм я жылэр Пщыщ псым Іус Чэрэней и закъуэщ.

Жэнейхэр адыгей литературэбзэм иропсалъэ.

● Хъуэрхэр

## Хьэмрэ ныбжьымрэ

Хьэм лы Іыхьэ жьэдэлъу псым зэпрыкІырт. Псым щыхэплъэм, нэгъуэщІ зы хьэ гуэр лы Іыхьэ нэхъ иныж жьэдэлъу къыблэкІыу къыщыхъуащ. Езым жьэдэлъыр хыфІидзэри, и ныбжьым телъащ, абы жьэдэлъ лыр къытрихыну. Ауэ ныбжьыр - пкъыншэти - кІуэдыжащ, езы хьэ нэпсейм и лыр псым ирихьэхащ.

Мы хъуэрыр нэпсейм зэрыхуэгъэзар гурыІуэгъуэщ.

Апхуэдэхэм деж адыгэм жеІэ: «Зи Іыхьэ зыфІэмащІэм хьэм фІешх».

## Бгъэр, къуанщІэр, мэлыхъуэр

Бгъэр бгы аранэ лъагэм къелъэтэхщ, хъушэм хэуэщ, зы щынэ къахипхъуэтыкІри ихьащ. КъуанщІэм ар илъагъущ, бгъэм ефыгъуэри, езыми апхуэдэ дыдэу ищІыну игу къихьащ. Йоуэри, ину кІийуэ, зы мэл гуэрым тоуэ. Ауэ, и лъэбжьанэхэр мэлыцым хонэри, и дамэхэр тригъауэ мыхъумэ, зыкъимыІэтыжыфурэ мэлыхъуэр къосри къеубыд. Бзу тхьэмыщкІэм къыщыщІар къыгуроІуэри, мэлыхъуэм ар мылъэтэжыфыну и дамэхэр хупегъэщри, пщыхьэщхьэм и сабийхэр иригъэджэгуну къахуехь.

Сабийхэр щІэупщІащ: «Мыр сыт хуэдэ бзу лъэпкъ?» - жаІэри. Адэм, и пащІэ щІэгуфІыкІыу, и быным жэуап яритыжащ: «Мыр зэрыкъуанщІэр сэ сощІэ, ауэ езы бзум бгъэуэ зыкъыщохъуж».

ЩІэныгъэ-губзыгъагъэкІэ къофІэкІым акъылкІэ упеуэныр, къарукІэ узыпэмылъэщыным уеныкъуэкъуныр зэрыделагъэр, абы дыхьэшхэн урихъун мыхъумэ, къызэромыхъулІэнуІар къуиІуэкІыу аращ хъуэрым.

**ХЬЭТУ Пётр.**

● Псалъэ шэрыуэхэр

# Пшынауэм езым фІэфІыр кърегъэкІ

***Псым щхьэтепІэ имыІэмэ, къабзэ хъуркъым.*** Бзылъхугъэхэм ятеухуащ. «КъакІэлъыплъын, къахуэсакъын яІэн хуейщ» жыхуиІэщ.

***Псыпэр зэрыжэм псыкІэри ирожэ.*** Гъэсэныгъэм ехьэлІауэ нэхъ къагъэсэбэп хабзэ псэлъафэщ: бынхэр (нэхъыщІэхэр) я адэ-анэхэм (нэхъыжьхэм) ядоплъей, я щапхъэм ирогъуазэ, абыхэм я лъэужьыр езыхэми яху.

***Псыр псэхэлъхьэжщ.*** «Зыуегъэужьыж, къару къыпхелъхьэж» жыхуиІэщ.

***Пшыналъэр бгъунлъэмэ, лъэпкъыр мэукІытэ.*** «Лъэпкъыр зыгъэукІытэн умылэжь» жыхуиІэщ.

***Пшхын уимыІэмэ, щІым езауэ.*** «Гъавэ ухуеймэ, щІым елэжь» жыхуиІэщ.

***Пшынауэм езым фІэфІыр кърегъэкІ.*** Езыр нэхъ къыздикІынумкІэ къыщоуэ, и псалъэр абыкІэ ешэ.

***Пщэдджыжь хьэщІэ гъэхьэщІэгъуафІэщ.*** «Куэд хуейкъым, шей къудейкІи зэфІокІ» жыхуиІэщ.

***Пщым и щІыб джатэ щагъэдалъэ.*** ЦІыхум и нэщІыбагъкІэ хуэдалъэ зи хабзэ «къуэгъэнапІэ фочауэхэм» ятеухуащ.

***«ПыІэр къэхь» жысІати, щхьэр къиихьащ.*** Іуэху бгъэдыхьэкІэ пхэнж зиІэм теухуащ.

**ЩАУЭ Къэлидар.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **4**. Хьэм дыгъужь имылъагъуху ... . **6**. Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр ... . **7**. Псэр ящэри, ... къащэху. **8**. УкІытэр и нэгу щІэлъщ, акъылыр и ... телъщ. **11**. ... дыщэпс хуэныкъуэкъым. **12**. Дахэм ... нэщхъыфІэщ, шыфІым тесыр хуэбгъакъэщ. **15**. Бланэ ... йокІуэлІэж. **17**. ... цІыкІурэ пэт Іэтэшхуэм ипІытІыркъым. **18**. ... и псэ кІуэдыркъым. **19**. Махуэ къэси ... уэркъым.

***Къехыу:*** **1**. ... дыгъэм кІагъуэпскІэ уегъэпскІри, бжьыхьэ дыгъэм тхъупс къыптрекІэ. **2**. ФІэщ ... хущхъуагъэ хэлъщ. **3**. ХъумпІэцІэджым и кІуэдыжыгъуэм ... къытокІэ. **5**. Уэр щхьэкІэ ... сихьэжынкъым. **9**. ... зыгъэгупыр гуп и уасэщ. **10**. Мыдэф и Іуданэ ... . **13**. Щытхъу мащІэр убым ... . **14**. Дахагъэм ... егъэпщкІу. **16**. Іэмалрэ хьилэрэ акъылщ. **17**. ... мащІэу, хьэщІэкІэ куэду.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

***Бадзэуэгъуэм и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Псапэ. **3**. Гъунэгъум. **6**. Зыплъыхьи. **9**. Унэ. **10**. КІэм. **11**. Іущщ. **13**. Пэт. **14**. Хъумэ. **16**. Щхьэ. **19**. ЩІэс. **21**. Гъунэ. **22**. Имыхуэмэ. **25**. Щыблэ. **26**. Ишхыр.

***Къехыу:*** **1**. ПщІауэ. **2**. Псы. **4**. Нэхъ. **5**. Мыхъумэ. **6**. Зэ. **7**. Лъэщ. **8**. ИкІ. **11**. Іутщ. **12**. Щхъуэ. **15**. ПщІыхьщ. **17**. Хьэху. **18**. ІэфІыр. **20**. Си. **21**. Гъуэ. **23**. Мэл. **24**. Мэш.

● ГушыІэ

# Хъуэжэ и бзаджагъэр

ГъукІэгъэсэну Хъуэжэ здэщыІэ кІыщым зы пщэдджыжь гуэрым гъукІэр фо сыхьэныфІ иІыгъыу къыщІыхьащ. Фор Хъуэжэ зэрилъэгъуар зи гуапэ мыхъуа гъукІэм пцІы иупсащ:

- Мы фом щхъухь хэлъщ, умышх, уигъэлІэнщ. Сэ ІуэхукІэ сожьэ, шэджагъуэ нэужьым сыкъэсыжынщ. Мо джыдэр хьэзыр хъуащи, ефэндыр къакІуэмэ, етыж.

Хъуэжэ и гурыІупсыр иригъэнэха мыхъумэ, зыри пидзыжакъым. ГъукІэми куэдрэ зимыІэжьэу щІэкІащ. Хъуэжэ сыт хуэдэ Іуэху къримыгъажьэми, и нэр фомкІэ фІэкІуэрт. Хуэмышэчыжыххэ щыхъум, ефэндым и джыдэр щІакхъуэкІэ ихъуэжри, ар хигъауэурэ фо сыхьэныр ишхащ.

ГъукІэр къэкІуэжри, зиплъыхьмэ, джыдэр илъагъужыркъым.

- Ефэндым и джыдэр ептыжа?

- УзэрыщІэкІыу сыІурихри, тІэкІу сыжеящ. Сыкъэушмэ, джыдэр бгъуэтмэ къащтэ. «Сунэхъужащ, зызгъэлІэжынщ», - жысІэри щхъухь зыхэлъ фор зэрыщыту сшхащ. Ауэ итІани иджыри къэс сыпсэущи, согъэщІагъуэ!



# Усэбзэр лъэпкъхэр зэкъуэзыгъэувэщ

**ЩIалэгъуалэм я унэм щекIуэкIащ «Откровение» макъамэ усэ пшыхьыр. Ар къызэрагъэпэщащ Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым хыхьэу. Зыщыщ лъэпкъыми емылъытауэ, усэбзэр лъэпкъ псомкIи гурыIуэгъуэщ икIи зэкъуэзыгъэувэщ.**

- ПСЫНЩIЭУ зызыужь икIи зызыхъуэж иджырей гъащIэм цIыхум и гумрэ и псэмрэ щыщIэ щэхухэм щIэдэIужыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Апхуэдэущ усэ, макъамэ жыпIэми, гущIагъщIэлъхэр сэтей къызэрыхъур. ПшыхьымкIэ ди къалэныр творчествэм, усэм, макъамэм дахьэххэр зэкъуэдгъэувэнырщ, япэ дыдэу зи усэ утыку къизыхьэну е усэ къеджэну гупыж зыщIхэм Iэмал еттынырщ, - жиIащ КъБР-м Къалэн куэд щагъэзащIэ щIалэгъуалэ центрым зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэм ядэIэпыкъунымрэ зегъэужьынымкIэ и къудамэм и унафэщI ТыIэщ Валерэ.

Пшыхьым хыхьэу, зы утыку зэдитащ артист цIэрыIуэхэр, уэрэджыIакIуэхэр, усэм дихьэххэр. КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым и актёрхэм «Единство народов России» уэрэдымкIэ ар къызэIуахащ. Дызэрыгушхуэ усакIуэ цIэрыIуэхэм я усэхэм къеджащ, уэрэдхэр жаIащ ПащIэ Маринэ, Дэгу Каринэ, ЦокIыл Азэмэт сымэ. Музыкэ театрымрэ КъБКЪУ-м уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Каллисто» театрымрэ я артистхэм зэдагъэзэщIащ «Калинка» композицэр.

УэрджыIакIуэхэм папщIэ къызэрагъэпэщ лъэпкъхэм зэдай зэпеуэхэм, «Голос. Дети II» зэхьэзэхуэри хыхьэу, я лауреат, «Славянский базар в Витебске» зэпеуэм щытекIуа Бэрэгъун Заур «Ритм сердца» уэрэдыр япэу зэхыхьэм щигъэзэщIащ икIи къызэхуэсахэм я гугъу яхуищIащ абы зэрелэжьам.

Бэрэгъун Заур жиIащ и уэрэдымкIэ цIыхухэр зэкъуэувэну, зэгурыIуэну къызэрыхуриджэр. Пшыхьым абы щытраха нэтыныр «Гордость нации» федеральнэ зэпеуэм ирагъэхьынущ.

Зэхыхьэр ягъэдэхащ артист цIэрыIуэхэмрэ усэм дихьэххэмрэ. Абыхэм ящыщу нэхъыщIэ дыдэ Хьэвеящхьэ Ясминэ адыгэбзэкIи балъкъэрыбзэкIи усэ къеджащ. Куэдым ягу дыхьащ Бахъсэн къалэм и курыт еджапIэ №2-нэм и унафэщI Нэгъуей Ахьмэд и къэпсэлъэныгъэр.

- Сыт хуэдэ зэманми цIыхухэм я лъапIэныгъэхэм ящыщу зэманым имыпхъэххэр къызэрыгъуэкIщ. Мыпхуэдэ пшыхьэхэр ди щIыналъэм и къалэ, къуажэ псоми къыщызэгъэпэщын хуейщ. Гуапэщ иджырей артистхэми нэхъыжьыIуэхэми зы утыку зэрызэдагъэбжьыфIар. Ар щIэблэм я дежкIэ щапхъэщ. ЗэIущIэ щхьэпэм сыхэтыну Iэмал сызэриIам сигу хигъэхъуащ, - жиIащ Нэгъуейм.

Пшыхьыр и кIэм щынэблагъэм, ар къызэзыгъэпэщахэм къекIуэлIахэр хуит ящIащ езыхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа, нэгъуэщIхэм ятхахэм щыщу нэхъыфIу ялъагъу усэхэм къеджэну.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Зэныбжьэгъугъэм и лъэмыж

**Налшык, сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж «Радуга» центрым, щекIуэкIащ «Зэныбжьэгъугъэм и литературэ лъэмыж» зэIущIэр. Лъэпкъ библиотекэм и лэжьакIуэхэм къызэрагъэпэща Iуэхур траухуащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм.**

БИБЛИОТЕКЭМ и лэжьакIуэхэр центрым щыIэ сабийхэм яхутепсэлъыхьащ ныбжьэгъугъэм – абы и мыхьэнэм, ныбжьэгъур зэрыщытыпхъэм, гуапагъэм, ныбжьэгъу пэжым хэлъын хуей хьэл-щэнхэм, нэгъуэщIхэми. Сабийхэр куэдым щIэупщIащ, зэныбжьэгъугъэм теухуауэ езыхэм я еплъыкIэр жаIащ, хэти и ныбжьэгъухэм я цIэхэр къраIуащ.

ЦIыкIухэм драгъэкIуэкIа псалъэмакъ щхьэпэр щIагъэбыдэжащ литературэ тхыгъэ щIэщыгъуэхэмкIэ. Библиотекэм и лэжьакIуэхэр цIыкIухэм къахуеджащ Толстой Лев и «Отец и сын», Донникова Верэ и «Канавка», Пермяк Евгений и «Самое страшное» тхыгъэхэм ящыщ пычыгъуэхэм. А тхыгъэхэм я мыхьэнэм теухуа упщIэхэр цIыкIухэм иратащ, сабийхэмрэ балигъхэмрэ зэщIыгъуу ахэр зэпкърахащ. ЗэIущIэм щагъэлъэгъуащ зэныбжьэгъугъэм теухуауэ библиотекэм и лэжьакIуэхэм зэхагъэува видеотеплъэгъуэ гъэщIэгъуэныр, тхылъ гъэлъэгъуэныгъи къызэрагъэпэщащ.

ЗэIущIэм и кIэухым балигъхэм къапщытэжащ сабийхэм я гум ираубыдахэр. Зэныбжьэгъугъэм и хабзэхэр кърабжэкIащ «Радуга» IуэхущIапIэм щыIэхэм. Ныбжьэгъум и жагъуэ пщIы зэрымыхъунур, зыр адрейм удэIэпыкъуным фIы къызэришэр, зи жагъуэ ящIам укъыщхьэщыжыным гумащIагъэ зэрыхэлъыр, зэгъэщIыным и ехъулIэныгъэм ущыгуфIыкIыныр псэ къабзагъэм и нэщэнэу зэрыщытыр сабийхэм къагурыIуащ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**




# ЦIыхубэм яхуэгъэза псалъэ

**Налшык мы зэманым щагъэзащIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и усакIуэхэм ятеухуа Iуэху щхьэпэ. Головком, ЩоджэнцIыкIум, Къуэныкъуейм, Ашурэм, Кировым, Вовчок, нэгъуэщIхэми я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм я автобус къэувыIэпIэхэм деж адыгэ, балъкъэр литературэхэм я классикхэм я усэхэр зытет абджыпсхэр щагъэуващ.**



УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщIхэм къыхалъхьа жэрдэмыр къыдаIыгъащ Налшык къалэ администрацэмрэ къалэм зегъэужьынымкIэ «Платформа» арт-залымрэ. Иджы къалэдэсхэмрэ республикэм ди хьэщIэхэмрэ Iэмал яIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и усакIуэ цIэрыIуэху ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Къэшэж Иннэ, Зумакуловэ Танзиля, Отаров Керим, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIэкIхэм зыщагъэгъуэзэну. Щэнхабзэ, литературэ щIэинхэм нэхъыбэ щыгъэгъуэзэным гулъытэ зэрыхуащIым мыхьэнэшхуэ иIэщ. ЗыщыгугъфIыкIынщ къалэм и автобус къэувыIэпIэхэр зэрагъэдахэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дахагъэр, и хабзэхэр къызыхэщ усэхэм щIэблэр щIапIыкI я щIыналъэр фIыуэ ялъагъуну, дызэрыгушхуэ цIыху щэджащэхэм щыгъуэзэн зэрыхуейм трагъэщIыхьмэ. УсакIуэхэм цIыхубэм зэрызыкъыпхуагъазэ псалъэхэр уасэншэщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



**● Алыдж-урым бэнэкIэ**

# Домбеякъыр и Iэрылъхьэщ Сэлим

**Македоние Ищхъэрэм и къалащхьэ Скопье бадзэуэгъуэм и 6 – 12-м щекIуэкIащ зи ныбжьыр илъэс тIощIым щIимыгъуахэм спорт бэнэкIэмкIэ Европэм и зэхьэзэхуэ. Абы кърихьэлIат алыдж-урым бэнэкIэмрэ бэнэкIэ хуитымкIэ щIалэгъуалэм я нэхъ лъэщ дыдэхэр.**

Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту европэ зэхьэзэхуэм зэфIэкI лъагэ иIэу зыкъыщигъэлъэгъуащ ди лъахэгъу Къазмахуэ Сэлим. Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ килограмм 63-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж абы домбеякъ медалыр къыщихьащ. Ещанэ увыпIэм щыщIэбэна «финал цIыкIум» Сэлим щыхигъэщIащ Грецием щыщ и хьэрхуэрэгъур 8:0-у. Абы къегъэлъагъуэ и тепщэныгъэр шэч къызэтумыхьэу зэрыщытар.

Къазмахуэ Сэлим зэхьэзэхуэм хуигъэхьэзыращ тренер цIэрыIуэ Нэгъуей Азэмэт.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**


Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.073 • Заказыр №1500

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-20-88; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А